

# **BAHASA JAWA**

## **UTS SEMESTER 2 KELAS 3**

1. Ukara andharan yaiku..... (**ukara sing nyritakake kahanan utawa sing nggambarake kadadeyan**)
2. Ukara pitakon yaiku....(**ukara sing nakokake samubarang utawa kahanan**)
3. Ukara pakon yaiku ....(**ukara sing isine mrentah lan wong liya sing nindakake**)
4. Mangsa .....usum udan.(**rendeng**)
5. Nalika mangsa ...padha angel banyu tur hawane uga panas banget (**ketigo**)
6. Tembung diperang dadi piro lan sebutno.....(**4 : tembung aran, kriya, kahanan lan tembung katrangan**)
7. Sakabehe tembung sing dianggep barang yaiku....(**tembung aran**)
8. Sakabehe tembung sing mratelakake solah bawa utawa tandang gawe .....(**tembung kriya**).
9. Sinau, tuku, nggawe kalebu tembung....(**kriya**)
10. Sawah, esuk, pasar kalebu tembung ....(**aran**)
11. Sapa sing ora mlebu sekolah ? Ukara kasebut kalebu ukara....(**pitakon**)
12. Ayo ndang budhal.! Kalebu ukara ....(**pakon**)
13. Udin lagi maca majalah ing kamar. Jejer ing ukara kasebut yaiku...(Udin)
14. Wasesa ing ukara nomer 13 kasebut yaiku....(**lagi maca**)
15. Wati nganggo klambi putih. Lesan ing ukara kasebut yaiku .....(**klambi putih**)
16. Tembung aran sing ana ing ukara nomer 15 yaiku....(**wati, klambi putih**)
17. Tembung kriya sing ana ing ukara nomer 15 yaiku...(**nganggo**)
18. Tembang Jawa sing ditembangake nalika bocah lagi dolanan yaiku...(**tembang dolanan**)
19. Tegese “rina” yaiku....(**wayah awan**)
20. Sinare katon sumunar tegese.....(**padhang**)
21. Tegese “ngawe-awe” yaiku....(**ngejak supaya melu**)
22. Tembang dolanan sing menehi piweling supaya ngguyu lan ora mrengut yaiku.....  
kasusun saka ....baris ( **ayo ngguyu ; wolu** )
23. “Sluku sluku bathok” isine ngenani .....(**nilai religius**)
24. “Padhang bulan” isine ngenani ..... ( **nalika wayah sore ora pareng turu** )
25. Isine tembang dolanan yaiku piwulang marang bocah-bocah ngenani.....(**budi pekerti**)